Гъатхэпэм и 8-р Щыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№26 (24.620) • 2024 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 6, бэрэжьей • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

УРЫСЕЙМ И ПРЕЗИДЕНТ ХЭХЫНЫГЪЭХЭР
2024. ГЪАТХЭПЭМ И 15-Е
ЦИК.РФ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Щыхубзхэм я дунейпсо махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балкъэрым и щыхубз лъапIэхэ!

Сынывохъуэхъу къэблэгъа махуэшхуэмкIэ - Щыхубзхэм я дунейпсо махуэмкIэ!

А махуэщIыр гъэнщIащ бзылъхугъэхэм яхуэгъэзэ псалъэ нэхъ гуапэхэмкIэ, нэхъхэмкIэ, гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIэмкIэ. ИгъащIэ лъандэрэ къыздэкIуэкIыр араща, щыхубзхэращ унагъуэ жьгум, абы дэлъ фIыгъуэхэм, хабзэм я хъумакIуэу щытыр, унагъуэм и зэIуэпэщыгъэр ирагъэфIакIуэу, гупагъэрэ хуабагъэрэ къабгъэдэкIыу. Бзылъхугъэм и гулъытэм хуэныкъуэу щыхур мэпсэу, дунейм къыщытехьа дакъикъэм къыщыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балкъэрым исщ зэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъ бзылъхугъэ зэчиифIэ куэд, гъащIэм и унэтIныгъэ зэмылэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэраГъэхьэу. Псом хуэмыдэж пщIэ лъагэ хуэфащэщ щыхубз-анэм - гъащIэм лъапIэныгъэу щыдИIэхэм я нэхъыщхьэм. ФIыщIэ ин яхузощI Урысей къэралыгъуэм и щхьэхуитыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ яхъумэу СВО-м хэт ди хэку гъэ щIалэхэм я анэхэм, щхьэгъусэхэм. Фэ фи къуэхэмрэ щхьэгъусэхэмрэ ди къэралыр зэрыгушхуэ лIыхъужь нэсхэщ. Абыхэм гурэ псэкIэ зыхащIэ фи лъагъуныгъэр, зэрыфпэIэщIэм емылъытауэ. ТекIуэныгъэ къахьу икIэщIыпIэкIэ я унагъуэхэм ихьэжыну дапоплъэ.

Ди республикэм и щыхубз псоми си гуапэу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, зэIуэпэщыгъэ, насыпэ фиIэу фыпсэуну.

Ди къэралым и унафэщIхэм гулъытэшхуэ хуащI щIалэгъуалэмрэ абы и зыужьныгъэм ехьэлIа IуэхугъуэхэмрэI. Араща зыхуэгъэпсар хэкум щылажьэ программэ, проект хэхахэр, Iэнатlэ щхьэхуэхэр. Ди республикэм и Аруан щIыналъэм къыщызэIуахагъащIэ апхуэдэ щIалэгъуалэ Iуэхущ1апIэм щыIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

НАРТКЪАЛЭ лэжьэн щыщIэзыдза а ЩIалэгъуалэ центрыр къызэрагъэпэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир щIалэгъуалэ политикэм нэхъри зегъэужьыным хуэгъэзауэ къыхилъхьауэ щыта «ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ» къэрал программэм къигъэувхэр и лъабжьэу.

Центрым хэщIапIэ хуэхъуащ Техник ныбжьыщIэхэм я станцыр. А унэращ щыпажьэр Къуажэдэс щIалэгъуалэм я урысейпсо союзым, «Парытхэм я зэщIэхъееныгъэ», «Сабиигъуэм и унэтIакIуэхэр» зэгухьэныгъэхэм я щIыналъэ къудамэхэр. Къинэмыщ1ауэ, абы къыщызэгъэпэщащ щIалэгъуалэр дзэзыхьэх унэтIныгъэ елъытауэ творческэ гупжьейхэри. А Iэнатlэхэм лэжьыгъэхэр щызэфIах пэщхэр къызыхуэтыншэуэ зэрагъэпэщыжащ, техникэрэ унэлъащIэ я лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзащ. Къыхэгъэщыпхъэщ центрыр Нарткъалэ и щIыпIэхэм ящыщу нэхъ цIыху зекIуапIэу къалъытэм деж зэрыщыIэри. Абы и гъунэгъуу щытщ курыт школи, спорт унэшхуи, къалэ паркри.

А псоми гупсэхуу щыгъазэ зыхуищIащ республикэм и Iэтащхьэм. Центрым екIуалIэ ныбжьыщIэхэр щIыналъэм и унафэщIым хутепсэлъыхьащ яIэ мурадхэм. КIуэкIуэ Казбек абыхэм ядиIыгъащ ИТ-унэтIныгъэм зегъэужьынымкIэ зи щIалэгъуэхэм къыхалъхьа жэрдэмхэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Нарткъалэ къыщызэIуаха щIалэгъуалэ центрым хуэдэ дызэрыт илъэсым къриуфыдзу къыщызэрагъэпэщынущ Анзорей, Шэджэм, Май, Тырныауэ къалэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ

Мыарэзынытъэм къыщежьэри...

Ди гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд Гъатхэпэм и 8-м. А махуэм щIыхуэхъэм къаГъэпЪагъуэ я анэхэм, щхьэгъусэхэм, япхъуэхэм, къахуэгъэза бзылъхугъэ псоми пщIэ зэрыхуащIыр, ахэр фIыуэ зэралъагъур. ЩIыхубзхэм яхуоупсэ фэеплъ тыгъэхэмкIэ икIи, дауи, удз гъэгъа дахэхэмкIэ. Дэнэ атIэ дэтхэнэми и дежкIэ сыт щыгъуи щIэщыгъуэу щыт а гуфIэгъуэр къыздикIар? Куэдыр щыгъуазэу къыщIэкIынкъым тхыдэ мыкIыхьым абы гъэзуганэшхуэ къызэрикIуам. Псоми къыщыщIидзар мыарэзынытъэращ.

1857 ГЪЭМ и гъатхэпэм США-м и нэхъ къалэшхуэ Нью-Йорк и уэрамхэм дыхьащ щэкI, вакъэ фабрикэхэм я лэжьакIуэ цIыхубзхэу щэхэр - мы Iуэхур тхыдэм хыхьащ «IэструI нэщIхэм я маршу». Абыхэм ядэртэкъым сыхьэт 16 зи кIыхьагъ лэжьэгъуэ зэманымрэ я улахуэхэр цIыхухьхэм иратым нэхъыб зэрыкIэх щIэмрэ. НаIуэу зэрыщыгъуи, иджы демократиемрэ пщалъэу зыкъэзылъытэж а къэралым цIыхухэр, псом хуэмыдэу бзылъхугъэхэр, егъэлеяуэ гугъу щрагъэхьу щытащ. Ар ямыдэу гуащIэрыпсэухэм куэдрэ зыкъалэтырт. 1908 гъэм Нью-Йорк и щэкI зэIущапIэхэм я лэжьакIуэ цIыхубз мин 15 хуэдизым аргуэру зыкъыщалэтащ, гугъу ехьу зэрагъэлажьэр ямыдэу. Зы илъэс дэкIри, аргуэру гъатхэпэм пэжIу ирагъэкIуэкIащ мыарэзынытъэр и лъабжьэу. ИтIанэ американ цIыхубзхэм я жэрдэмыр щыдапхъуэтащ социалист зэщIэхъееныгъэм. Абы хэтхэм я пашэ хъуащ коммунисткэ Цеткин Кларэ. Шэч хэмылъуи, аращ ЦIыхубзхэм я мазаор ягъэувыным нэхъыбэу хэлIыфIыхьари. Ар къыщыхъуар Социалисткэхэм я етIуанэ дунейпсо конференцу 1910 гъэм екIуэкIарщ. Кларэ 17-м икIа бзылъхугъэхэр зыхэта зэIущIэм Цеткин Кларэ къыщыхихльащ цIыхубзхэм хэхыныгъэхэм зэхуэдэ хуитныгъэхэр яIэу хэтыным, ахэр зэхэгъэж ямыщIыным щыщIэбэн махуэ ягъэувыну. Аращ дгъэлъапIэ гуфIэгъуэм и кьажьапIэр.

Революцэм илэкIэ мы махуэр пащтыхь Урысейм щагъэлъэпIэну хуит щащIыртэкъым. Абы къыхэкIыу щэхуэу зэхьыхьэхэрт. Езы махуэшхуэр щIагъэлъапIэри зэтеХуэртэкъым. Абы егъэщIылIа зэхьыхьэхэр гъатхэпэм и 2-м къыщыщIдзауэ 19-м нэсыху махуэ зырызу щрагъэкIуэкIырт Германием, Австриеи, Данием, Швейцарием, нэгъуэщI къэралхэми. 1914 гъэм и гъатхэпэм Европэм и цIыхубзхэр къуэващ зауэр зэщIэзыгъэстыну хущIэкъуэхэм я бийуэ. Иджы Iуэху псори зэщIэгъэуIуауэ гъатхэпэм и 8-м - 1857 гъэм зыкъэзылIэта лэжьакIуэ цIыхубзхэм я фэеплъ махуэм - ирырагъэхьэлIащ. ЦIыхубзхэр нэхъ гушхуаУэ утыку къихьэрт. 1917 гъэм мазаем и 23-м (щIэмкIэ гъатхэпэм и 8-м) Петроград цIыху куэд хэту щекIуэкIа зэхуэсхэм, пэкIуэхэм, уэрамдыхьэхэм бзылъхугъэ куэд жыджэру хэтащ. НаIуэу зэрыщытщи, зауэмрэ ерыскъыу къаззэремэщIэкIымрэ зымыдэ а зэщIэхъееныгъэм къишащ пащтыхьыр тезыдза революцэр.

Совет властым и зэманым ди къэралым хуиту щагъэлъапIэ хъуащ зи гугъу тщIы гуфIэгъуэр. 1966 гъэм СССР-м Гъатхэпэм и 8-р мылажьэгъуэ махуэу щагъэуващ. Абы иIа политикэ мыхьэнэр фIэкIуэдри, цIыхубзхэм хуащI пщIэмрэ хуаIэ льагъуныгъэмрэ щагъэлъагъуэ махуэщхуэу уващ. Дунейм и щIыналъэ куэдым апхуэдэу ар щагъэлъапIэ хъуащ цIыхубзхэр зэхэгъэж щIыным и теплъэ псори гъэкIуэдыжыным теухуа Конвенцэм 1979 гъэм Iэ традза иужь.

СССР-р лъэпъэжа иужь, совет республикэу щыта зыбжанэм мы гуфIэгъуэр къыщыIэтенащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Белоруссиемрэ Къэзахъстанымрэ. Тыркуменым ар гъэлъэпIэн щIадзэжащ 2008 гъэм.

Апхуэдэ тхыдэ иIэщ Гъатхэпэм и 8-м.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Сабий IыгъыпIэхэр зэIуэзэпэщ ящIынущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Нарткъалэ щриГъэкIуэкIащ «муниципальнэ сыхьэт» зэхуэсым и зи чэзу зэIущIэр. Абы хэтащ къалэ, щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэр.

ЗЭIУЩIЭМ и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэща къалэныщIэхэрт.

Сабий IыгъыпIэхэр зехьэн зэрыхуейм щытепсэлъыхьым, КIуэкIуэ Казбек жиIащ республикэм и бюджетым къыхэкIыу ягъэ зэпэжьынур Анзорейрэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэмрэ дэтхэр зэрыарар, абы къуажэдэсхэр щIэлъэIуащ республикэм и Унафэщым линие занщIэмкIэ зыщыхуагъэзам. Къинэмыщ1ауэ, къуажэхэм зегъэужьынымкIэ программэ убгъуам храгъэубыдэнурэ зэIуэзэпэщ ящIынущ лицей №1 еджапIэм хэт сабий IыгъыпIэмрэ Тырныауэ дэт, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я зэчиим зегъэужьынымкIэ центрымрэ.

Дызэрыт зэманым программэм хагъэхьэн папщIэ КIуэкIуэ Казбек нэхъ пасэу хуагъэхьэзырауэ щыта, зекъэн хуейуэ къаГъэлъэгъуэ сабий IыгъыпIэхэм хоплъэж. Илъэсыр имыкI щыкIэ, абыхэм ящыщу къэрал программэм хагъэхьэнухэр яубзыхунурэ, УФ-м и Правительствэм ечэнджэщурэ щIынапIэхэм унафэ щхьэхуэхэр къыщащтэнущ.

Республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ ягъэхъэбзэным пыщIа лэжьыгъэхэм я нэIэ трагъэтыну.

Терроризм щымыгъэIэным топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Терроризмэм пэщIэтныимкIэ и комиссэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэр Нарткъалэ щриГъэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратым и федеральнэ инспектору КъБР-м щыIэ Васильченкэ Дмитрий, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я Iэтащхьэхэр, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм яриГъэцIыхуащ КъБР-м и МВД-м и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыГъэзащIэ Крючков Вячеслав. «Си фIэщ мэхъу Крючков Вячеслав и лэжьыгъэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр Къэбэрдей-Балкъэрми къызэрыхуэсэбэпынур, Президентым, УФ-м и МВД-м и министрым къаГъэуэ къалэнхэм зэрыпэлъэщынур», - жиIащ Iэтащхьэм.

КIуэкIуэр Лъэпкъ гвардием и управленэм и унафэщI Васильев Сергейехьэхъуащ генерал-майор цIэ лъапIэр къызэрыфащам папщIэ.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэр шынагъуэншэу къызэгъэпэща зэрыкъунум, а махуэхэм хабзэм и хъумакIуэхэр ди республикэм зэрыщылэжьэнум. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Терроризмэм пэщIэтынымкIэ и комиссэм и лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и ХэхакIуэкIэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеславрэ Крючков Вячеславрэ.

Апхуэдэуи къыхалъхьащ гъэзугухэр, абы щызекIуэ машинэхэр терроризмэм щIэпхъаджагъэхэм ящыхъумэным гулъытэ хуэщIын зэрыхуейр, щIыпIэхэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я телъхьэхэр щымыгъэIэным-кIэ лэжьыпхъэхэр.

ЦIыхухэр сакъыну къыхураджэ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балкъэрым и Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэрэ абы и хьэщIэхэмрэ йохъуэхъу ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэмкIэ икIи ахэр къыхуреджэ сакъыну, терроризмэм зыщыкIыумэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэну:

- щытыкIэ къызэрымыкIуэхэр, дыкъэзэуухьуреихьхэм я дежкIэ шынагъуэ къэзышэнкIэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;
- автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм деж щывгъэуф;
- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфащIамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкIуэкIыну мурад зэрапIэм, къагъауэ Iэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр цIыхухэм зэрапIыгъым фыщыгъуазэмэ, щIэпхъаджагъэ лэжьыным пыщIахэм ятеухуа хъыбар гуэр къыфIэрыхьэмэ, хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ экстреннэ къулыкъущIапIэхэмрэ икIащIипIэкIэ хъыбар евгъащIэ;
- хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэмрэ цIыху куэд щызэхуэс Iуэхуэр щекIуэкIкIэ хабзэр къызэгъэпэщыныкIэ жэуап зыхьхэмрэ къагъэувхэр вгъэзащIэ.

Iэрэхьэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, къаIэрыхьа псоми ятеухуа Iуэхуэр зэфIагъэкIынущ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын папщIэ.

Шэч зыхуащIхэм ятеухуа къыздикIа Оперативнэ штабым къэзыгъащIэхэм я щIэ къраIуэнукъым, апхуэдэуи республикэм щIэпсэухэм фIыщIэ хуащI зэрызэхащIыкIым папщIэ.

«Линэ пщтыр» телефонхэр:

- КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым: 48-15-48;
- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыIэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм: 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей МЧСМ-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм: 39-99-99 (плъыр часть).

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

Жаіэ пэжым - нэгъуэщІынэкІэ...

«Ухеижыгъуэ. Иуан Ябгэмрэ Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнейрэ» - аращ зэреджэр Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІа тхылъыщІэм. Ар зи къалэмыпэ къыщІэкІар тхыгъэ купщІафІэхэмкІэ мызэмытІэу дызыгъэгуфІа, тхыдэ Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм ягъуэта еплъыкІэхэм бгъэдыхьэкІэщІэхэр къахуэзыгъуэтыфа ди хэкуэгъу бзылъхугъэщ, иджыпстукІэ Санкт-Петербург щыпсэу Щоджэн Аксанэщ.

ТХАКІУЭ ныбжьыщІэм зыми емыщхь хъэтІ, гупсысэкІэ, Іэху зэгъэзэхуэкІэ зэриІэр щІэупщІэ зыгъэта, уеблэмэ иджыкІэ гъуэтыгъуэй хъуа «Къапхьэнэхэмрэ пащтыхьыгъэхэмрэ» икІи «Ныбжьрей зэпыщІэныгъэхэр» тхыгъэщхуэхэм нэрылъагъу ящыгъащ. Щоджэныр и пІэтхъэгъэхэм зэрахуэупсэ тхылъыщІэри нэхъапэкІэ дунейм къытехьа романхэм къакІэрыхуркъым, къапщтэмэ, илъэс щитхум нэблагъэкІэ уэзІэбзкІыжмэ къэхъуа хъугъэщІагъэхэм гушхуаяэ пхроплъ, абыхэм тхыдэ щІэныгъэм щаІэ хъуа увыпІэр зэриГъэзэхуэжьыну, щагъуэта гупльатэр нэгъэщІ пщалъэхэмкІэ зэпилъытыну хущІокъу, зытеувэ Гъэзгуанэми тхылъеджэр псалъэ зэгъэпэщакІэ трешэ.

Шэч хэлъкъым - мы тхылъыр зыІэщІихьэнухэр игъэгупсысэнущ. Зригъэгупсысынур тхыгъэр зытеухуаитІым я закъуэкъым, атІэ хуригъэплъэкІыжынущ Къэбэрдейм и тхыдэм, а лъэхъэнэм абы къыщекІуэжа пщы зэныкъуэкъуэмрэ щытепщэу щыта щыІэкІэмрэ, хигъэплъэнущ зи гъунапкъэхэр зэлъыІуэзыгъэкІуэт, зи къэралыгъуэм и лъабжьэр зыгъэбыдэ Урысейм и щэхухэмрэ нахуэхэмрэ, иригъэкІуэкІ зауэхэмрэ гъунэгъуэхэм ярищІыІпІэ зэгурыІуэныгъэхэмрэ. ГъэщІэгъуэнраци, апхуэдиз Іуэхугъуэхэм тегъэщІапІэ яхуэхъуэр архив тхылъымпІэхэра пэтми, тхакІуэм ар зыбгъэдилъхьэну цыхуэхэр зы меданкІи щыгъупщэркъым - зэрызыхащІи, уеблэмэ зэрызэхащІыкІын псэлъэкІэ къахуегъуэт, иджырей дунейр а блэкІа гъащІэм и щІэжьыуэу зэрыщытым жьІэкІэ яхуещІ.

Хэт хъуну-тІэ Иуан ЕплІанэр, тхыдэм Ябгэ цІэмкІэ къыхэнар? Илъэсыпэкъ, ар Урысей къэралыгъуэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщщ. И тетыгъуэм хэгъэгур зэрызехьэ мыужьхьыжхэм хэтами, икІэм-икІэжьым унафэр зы цыхум щызэригъакІуэ пащтыхьыгъуэ иухуащ, абы и кІуэцІкІэ къыщеІуэкІ, зэгурымыІуэ къэзышэ псалъэмакъхэм я лъабжьэр ирихащ, къыпащІэт къэралыгъуэхэм лщІэ зыхуримыгъэщІыфами, и шынагъэм къыфІэлІыкІ ищІащ. Иуан къыпэщІэувар гъунэгъу къэралхэм я лЫщхьэ къудейхэракъым, Ватикан щыщ дин къулыкъущІхэм абы къытракъуэзэну хэтт, Польшэ щІынальэр къытегуплІэрт. Ватикан къыкІахэм я «фІыщІэщ» Иуан и куэр иукІыжауэ жаІэу хьыбарыпІ зэрауТІыпщар, Польшэ щІынальэм и бзэгухьэмрэ Іужажэхэмрэ я хьэгъэщагъэхэм къыхэкІырт увыІэгъуэ имыІэу гъунапкъэхэм къыщыхъу зауэхэр. Лъэхъэнэхэр ткІийти, унафэхэри пхъашэт. Щригъэлей къыхэкІами, Иуан ЕплІанэм къэралыгъуэр зэрирубыдылІащ, и бийхэм я Іэр кІащІ ищІащ. Ауэ, екІэ и ужь итхэр къыхуэгъэІурыщІами, иужькІэ дунейм къытехьахэм ятекІуакъым - кІэрымылъ пцІыхэр тралъхьащ. А пцІы гуэрэным щиуфащ адыгэпщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнеи. Уеблэмэ адыгэ жангущэр мыхъуГъамэ, пащтыхьым гущІэгъэшІагъэ зэрихьэнутэкъым, дзыхьмыщІ хъунутэкъым. Хеилъыр псышхуэу ежхъынутэкъым, жаІэу щыхьэтыгъэ зэтезылъхьахэр мащІэкъым. Щалъхуа хэкур зэрибгынари, зыхыхьахэм я хабзэр къызэрищтари, я диным зэрихьари, къыдалъхуа цІэр зэрихъуэжари жагъуэгъуэм хьыкмПІар ящІакъым - абыхэм я дежкІэ нэхъыщхьэм пащтыхьым и цІэр гъэулъииныр арати, Гъащэней зы Іэмалт. Иужьрей лІэщІыгъуэзэм а лъэхъэнэм теухуауэ сыт хуэдиз ямытхами, ублапІэм къыщежьа пцІым цы Іэрышэу зишыхьрэ зэтехьыжыгъуей хъуащ, сыт хуэдизу уекІуэлІэну ухэмытми, пэжыр къэтІэщІыжыгъуейуэ къыщІэкІащ.

Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэхущытыкІэм щытепсэлъыхькІэ, Щоджэным зыдещІэж тхыдэм халъхьа егъэлеиныгъэхэм фІырыфІкІэ уаэзрытемыкІуэнур, ауэ зыри умыщІэми, блэкІам телъ бжьыгъэхэр зэрыпхуэмыгъэкІуэдынур. КъиГъуэт Іэмалым - псалъэ зэгъэпэщащ - щІэныгъэм и гуащІэ кІымыхь хэкІыпІэхэр зэкІэлърегъэхь. ЗэрытщІэщи, тхыдэм «мыпхуэдэу щытатэмэ е хьуатэмэ» жьІэкІэр идэркъым, ауэ романым уи еплъыкІэр апхуэдэ бгъдыхьэкІэм хуиту къыуегъэІуатэ, нэхъ фІэщ щыгъуафІэ ещІ. ЖьпІэнураци, блэкІар ди нэгу къыщІигъэувэу, Щоджэным ар апхуэдизкІэ нахуэу тхыгъэм щызэкІэлъыгъэкІуаци, тхылъеджэм ар гунэс зэрыщыхъунум, къызэрилъхьэнум икІи къызэриштэнум шэч хэлъкъым.

Романым тхылъеджэр щыхуэзнущ пщызэхущытыкІэхэр щыщІэнущ. Ина къытещІыкІыжа къэбэрдеипщхэм, къищІэнущ абыхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэхэр зыхуэдэр, зыщигъэгъуэзэнущ ахэр гъунэгъуэхэм - Кърым хъаныгъуэм, Уэсмэн пащтыхьыгъуэм, Мэхкуу пщыгъуэм - зэрабгъэдэта щІыкІэхэм. Апхуэдэу тхакІуэм нахуэ къытхуещІ Ватикан къэралыгъуэм диныр телъхьэпІэ ищІурэ иригъэкІуэкІа жор зекІуэхэм я щхэр, ахэр цІыхугъэм и лъапсэр гъэкІуэдыным хуэунэтІауэ зэрыщытам екъэлІа пэжыр. Мыпхуэдиз тхыдэ Іуэхур зэбгъэкІ романым и лІыхъжь къыздрыкІуэхэми: ахэр цІыхубэм ящыщщ, унафэшхуэ яІэщІымылъми, наІуэу къыхэмыщІми, ахэр жьжьэ матлъэ, щыІэныгъэм и зэтеублэкІэ къызэрыкІуэхэр зэрагъэзахуэ, я гурыгъу-гурыщІэхэм пащтыхьэми лІыщхьэхэми зыдамыщІынкІэ Іэмал имыІэу, къару узыншэу къызэщІотаджэ.

Тхылъ тедзапІэм и унафэщІ Котляров Виктор зэрыжиІэмкІэ, тхыгъэм купщІэ хуэхуа къэхъукъащІахэр узыІэпызыщІ бзэкІэ тха, узытезымыгъэпльэкъуКІ Іуэхугъуэхэм ятещІыхьа, щІэныгъэ хъэтІыр зи лъапсэ тхыдэ романщ. НэхъапэкІэ дунейм къытехьа тхыгъэхэм яхуэдэу, мыбзаджэу дызыщыгъуаз тхыдэм тхакІуэ ныбжьыщІэр къыщыхъэщыту къыхэплъэм хуэдэщ. Абы хуэмІуэ лъагъуэм зригъэубгъуэр, тхылъеджэр гъуэ щІурэ Щоджэныр блэкІам хохьэ, зыри къэмыхъуатэмэ, нобэм дыкъызэрыкІуэцІрыкІынур мы гъуэгурат, жиІэу тхыгъэм зрегъэшэщІ, и гупсысэ щхъуэкІэпльыкІэхэм зрагъэужь.

Щоджэн Аксанэ къызыхэкІа лъэпкъымрэ абы и тхыдэмрэ гуузлъуэ яхуэпІэ тхакІуэ ныбжьыщІэщ. Ар хущІокъу и лъэпкъым - адыгэм - и цІэр лъагэу иІэтыну. Езым зэрыжиІащи, иужь итщ щалъхуа Хэку цІыкІуми, щыпсэу Хэкушхуэми яхуиІэ лъагъуныгъэр и тхыгъэмкІэ ищІыІу ищІыну, лъэпкъым къыщІэувэ щІэблэми я гуэзэщІэр ябгъэдилъхьэну.

Щоджэныр Дзэпыкъуэ щІынальэм хыхьэ Каменномост (Къармэхьблэ) къуажэм 1977 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр 1994 гъэм дыжьын медалкІэ кІыуэ нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием щІэтІысхьащ. Диплом плъыжьыр къыззрыІэщІалъхьэжу, Щоджэным и щІэныгъэм хигъэхъуэнуацІэтІысхьащ, Санкт-Петербург дэт, экономикмрэ финансрэ хуэІухуэщІэхэмкІэ къэрал университетым и кандидат лэжьыгъэр 2005 гъэм щыпхигъэкІащ.

Тхылъыр бжьыгъэкІэ мащІэ дыдэущ дунейм къыззрытехьар - щитху къудей хъууэ аращ. Ар зыІэрызыгъэхьэну хуейкъэ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тыкуэным щыщІэупщІэ хъунущ.

ЖаІэ е, нэгъэущу жьпІэмэ, дызыщыгъуаз пэжым нэгъэущынэкІэ дрегъэлъпІ романыщІэм. Іуэху епльыкІэ нэхъыбэ щыІэху, тхыдэм телъ уафэпшэр нэхъ зэкІэщІэхуа мэхъу, зыкъэм нэхъ благъэ дыкуохъу. Щоджэным апхуэдэ къэлэн зыщищІыжауэ матхэри, фІыщІэ хуэфащэщ. И къалэмпІэм къыщІэкІ тхыгъэхэм къыщІэупщІэ зэпыту, езыми а щытыкІэм зыдиузэщІу нэхъри ефІэкІуэну ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Нэхъ жыджэру утыку къохьэ

Москва щокІуэкІ «ЦІыхубзхэр: хабзэхэр дохъумэ - Урысейм зыдогъэужь» фІэщыгъэм щІэту Бзылъхугъэхэм я урысейпсо форум. Ар теухуащ гъащІэм цІыхубзым щиубыд увыпІэм, абы щигъэзащІэ мыхьэнэм.

КІУЭ пэтми, бзылъхугъэхэр нэхъ жыджэру утыку къихьэ хъуащ. УнэтІныныгъэ куэдым абыхэм зэфІэкІ лъагэкІэ къыщацІэлъэлъгъуэ. «Урысейм унафащІ къулыкъум щыпэрытхэм я процент 40-р цІыхубзхэрщ икІи а Іуэхум фІы дыдэу йохъулІэ, - жиІащ УФ-м и Президент Путин Владимир Бзылъхугъэхэм я урысейпсо форумым хэтхэм видеозэпыщІэныгъэкІэ защыхуигъаззм. - Пльэпкъ зыужьныныгъэмкІэ зыужьуэвыж къалэнхэр гъэззщІэным цІыхубзхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІ. Ахэр хэмыту уи нэгу къыпхущІэгъэхьэркъым узыншагъэр хъумэн, егъэджныгъэ, щІэныгъэ, щэнхабзэ, хьэрычэтыщІэ, къэрал, муниципальнэ Іуэхуэхэр зегъэкІуэмыкІэ ІэнатІэхэр».

Къэралым и Президентым къыхигъэщащ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам цІыхубз щэ бжьыгъэхэр зэрыщыІэр. Ахэр дохутырхэмрэ медсестрахэмрэщ, ІэщІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр яІэу дзэм къулыкъу щызыщІэхэрщ. «Ди хабзэхэр, псэкупсэ лъапІэныгъэхэр хъумэныкІэ, къытщІэхьэу щІэблэр гъэсэныкІэ абыхэм зэфІагъэкІыр къыпхуэмылъытэнщ», - жиІащ Путин Владимир.

Зыхъумэжьныгъэм гулъытэ хуащІ

Иужьрей илъэсхэм Китайм дзэ Іуэхуэхэм тегъэкІуадэ мылъкум хигъахьэуэрэ йокІуэкІ. Мы гъэм абы и бюджетыр нэхъыбэ хьунущ процент 7,2-кІэ - юань триллион 1,665-м нэсынущ, ар доллар мелард 231,24-м ноблагъэ.

АБЫ щыгъуэми Китайр зытелажьэр дзэ политикэм къыщыгъэлъэгъуа хабзэхэм ящыщу зыхъумэжьныгъэрщ. ЦІыхубэм къахэкІахэм я китайпсо зэхуэсым и 14-нэ зэхьыхьэгъуэм и лІыкІуэ Чао Ван жиІащ Пекин зыхъумэжьныгъэмкІэ и бюджетым щІыхигъахъуэр и шынагъэншагъэр къыззпаудынкІэ къызэрыхуэдалъэрщ, апхуэдэуи и къэралым и щхьэхуитныныгъэр хъумэныкІэ и къалэныр нэгъэсауэ зэфІихын папщІэщ. КъищынэмыщІауэ, абы къыхигъащІ дзэ Іуэхум трагъэкІуадэр зэлъытар зыхъумэжьныгъэмкІэ ІэнатІэр зыхуэныкъуэм тещыхьауэ зэрыщытыр икІи къэралым и экономикэм и зыужьныныгъэм зэрытещІыхьар. «Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэрщ дуней псом къыщагъэсэбэпыр», - жиІащ Чао Ван.

♦Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ
♦Глаукомэ узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦1929 гъэм къалъхуащ абхъаз тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Искандер Фазиль**.

Дунейм и щытыкІэнур

«rogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 6 - 8, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬэщэмыщІ Иэзэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бзылъхугъэр унагъуэм и лъынтхуэщ.

Суд приставхэм я федеральнэ кулыкъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ управленэм и лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящыхьуауэ яхуогузавэ Суд приставхэм я федеральнэ кулыкъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ управленэм и унафэщІ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и суд приставхэм нэхъыщхьэ **Бауаев Ахьмат Каллиет и къуэм** и анэ **Гамаевэ Жаухарат Шабай и пхъур** дунейм зэрехьэжам къыхэкІыу.

ПхуэмыгъэзэкІуэжын хэщІыныгъэ зэрырегъуэтамкІэ фи гуауэр фдыдогуэш.

Сыт ЛДПР-м хэхынытъэм хуигъэхьэзырар?

Урысейм зэрызижьыпхъэм теухуауэ жэрдэм щхьэхуэхэр игъэхьэзыращ, абыхэм я нэхъыщхьэщІыналъэхэм я зыужьныныгъэр. Программэм тегъэщІапІиц иІэщ: гъащІэр егъэфІэкІуэн, цІыхум зыуэзащІыпІэ иІэн, къэкІуэнур шынагъуэнщэу щытын. А псори дэтхэнэ зы цІыхуми и гъащІэм хэтыпхъэщ, абы къыпэжьыми е щыпсэум емылъытауэ. Дэ къэралышхуэм дрицІыхуащ. Ар къагъэлъагъуэ абы и щэнхабзэ щІэиным, иубыд щІыпІэм, псом нэхърэ нэхъ мыхьэнэ зиІэращи – цІыхум ирит Іэмалхэм. Ауэ ахэр цІыхур щыпсэу щІыпІэм елъытауэ щытын хуейкъым. Къэралым уэзрыригушхуэр кІыщожьэ уи унэмрэ узыпэрыт лэжьыгъэмрэ деж. Ди программэр хуэгъэпсащ щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм, къалэхэм, къуажэхэм щыпсэу цІыхухэм я псэукІэкІэ яІэ зэхуэмыдэныгъэр гъэкІуэдыным. Куэдрэ зэхьдох: Мэзкуу къакІуэри, нэгъуэщІ къэралым къыщыхутауэ къыщыхъуащ. Апхуэдэу щытын хуейкъым. Ди программэр тещІыхьащ къытпэщылъ илъэсхым. Ар хуэгъэпсащ 2030 гъэм ирихьэлІэу тхуэзфІэкІыпхъэхэм.

Сыт хуэдэ щыкІэкІэ программэр зэрыдгъэззщІэнур?

Дэ къэрал кулыкъущІэхэм я унафэ зехьэкІэ мардэхэр хуэжьыным епха жэрдэмхэр догъэхьэзыр, щІыналъэхэм увыпІэ нэхъыбэ къащылъысу. Къэралым и Правительствэм ЩІыналъэхэм зегъэужьнынымкІэ министерствэ хэтыпхъэщ. Правительствэм хэтын хуейщ цІыхухэм я бжьыгъэ зэрыхэщІым елэжь, Демографие зыужьныныгъэмкІэ министерствэ. МиграцэмкІэ министерствэм къэралым къэІэпхъуэ цІыхухэм я Іуэху зэрихъэн хуейщ, хэхэсхэм къэрал хабзэм е абы щызекІуэ псэукІэм ебгъэрыкІуэныр ткІийуэ хузэпаупщІу. КулыкъущІэхэм я лэжьэкІэм ткІийуэ дыкІэлъыплъынущ. Президентым ищІа унафэхэм ящыщу 5 ямыгъэззщІауэ къэдгъуэтащ нобэр къыздэсым. КулыкъущІэхэр мылажьэмэ, абыхэм я пІэ нэгъуэщІ къигъэувэн хуейуэ араща. ІэщІагъэм нэхъ хащІыкІыу, жэуапльныгъэ нэхъ ябгъэдэлъу. Программэр цІыхухэм я еплъыкІэм елъытауэ зэрыщытынум къыхэкІыу, къыддалъхьэну гукъыдэж зиІэхэр къыдогъэблагъэ я чэнджэщ къыдахьэлІэну. Дэ езым ди пщэ дэтлъхьэжынщ дыщыпсэуну дызыхуей къэралым и зыужьныныгъэр. Программэм хэувэну гупыж зыбжанэ Къэрал Думэм хэт ди партым и къудамэмрэ щІыналъэхэм щылажьэ хабзэубзыху собранэхэмрэ утыку къыщредгъэхьэнуц, хабзэщІэ къегъэщтэн жэрдэмкІэ. Проект зыбжанэр партым бгъэдэлъ мылъкумкІэ зэфІэдгъэкІынущ. 2030 гъэм ди лэжьыгъэр къэтпщытэжынущ.

«УФ-м и Президентыр хэхынымрэ Іуэхукі» Федеральнэ закон №19-ФЗ-уэ 2003 гъэм щІышылэм и 10-м къыдэкІам и 53-нэ Іыхьэм и 1-нэ пунктым ипкъ иткІэ пщІэнныгъэ тыдодэ.

Псэр дахагъэм хуэзыгъэпс

● Егъэджэныгъэ

**Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дзэгъэнкъэралми егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэр щалъытэ жылагъуэ зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ уэнтIыныгъэ. Абы и «пкъо» егъэджакIуэфIри къэралым и къаруэхъ пIэщ дыдэхэм ящыщыж, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы бгъэдэлъ псэкупсэ къулеягъым нэрылъагъуэ еубзыхуф цIыху гъащIэм и Iыхьэ куэд. Ауэ щыхъуэкIэ, Хэкум нэхъри зиужьынымкIэ, адэкIи ефIэкIуэныкIэ къалэныщхуэ ягъэзащIэ зи Iэнатlэр хьэлэмуэ езыхьэкI егъэджакIуэхэм. Апхуэдэ лэжьакIуэхэм, зи пщэрылъэр къызыхуэтыщIэрэ щIыхьэ пщIэрэ пылъу зыгъэзащIэхэм ящыщ Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Хьэтlохъущкъуей жылэм дзт курыт школ №21-м (унафэщIыр Нэхуц Аллэщ) адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Шыбзыхуэ (Жолдащ) Марьянэ Хъэмидбий и пхъур.

ГУРЭ псэкIэ къыхиха Iэщlагъэм фIэфIу ирилажьэ, темызашэу, дерс къэс щIэщыгъуэ гуэр зэрыхилхьэным хущIэкъуу зи Iэнатlэр езыхьэкI цIыху щыпкъэщ Марьянэ. Къуажэ школыр екъутIэныгъэкIэ 2003 гъэм къэзыуха пщащэм нэхъ пасэу иубзыхуакIэт зыхуеджэну Iэщlагъэр зыхуэдэр: ди анэдэлъхубзэм, лъэпкъ литературэм дахьэхырти, ахэр нэхъ куууэ иджын мурадкIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ КъБКъУ-м и филологие къудамэм. Абы лъандэрэ блэкIа илъэсхэм кIуриубыдэу Марьянэ хьэлэлу ирехьэкI зыпэрыт Iэнатlэр.

- Школым сыщыувам гъэзыгъэлъагъуэ схуэхъуащ егъэджакIуэ нэхъыжьхэр, абыхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр, гупым я зэхэткIэр щапхъэ схуэхъуу. Си насып къиклати, абыхэм сымыщIыху щIагъуэ яхэттэкъым: ахэрат сэ щIэныгъэ къызбгъэдэзылъхьари, адэ-анэм хуэдэу къызэлIалIэу гъэсэныгъэ къысхэзылъхьари, лъэпкъ яхуэощ ди нэхъыжьыфIкъм. ЕгъэджакIуэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм сызэрыпэрыт илъэс 20-м кIуриубыдэу сэ Iэхуэгъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдми щIыху мымащIэми сарихьэлIащ. ЕгъэджакIуэхэм ди лъэр лэжьыгъэм хущIатекIуэ, ди жэрдэмхэмрэ мурадхэмрэ къыддалыгъэу дапщэщи ди пашэщ ди Iэхуэщlапlэм и унафэщIэкр. Ар куэд и уасэщ гупым и дежкIэ, - жеIэ Марьянэ. - КъинэмыщIауэ, ебгъэдж забийхэм щIэныгъэфI ептыну ухуейрэ ар уи нэгу быдэмэ, абыхэм я адэ-анэхэми уадэлэжьапхъэщ. Ахэр зыдэбгъэлэпыкъуэрэ сабийм и зэфIэкIыр, хьэлщэныр, дзэныхъэ Iухэгугъэхэр зэбгъэщIапхъэщ. Сабийм и ныкъуасныгъэр, Iэщlэкl щыуагъэхэр нэхъ къыхэбгъэбелджьылыкIыурэ, и фым гу лъымытэу къанэмэ, ар къуанщIэгъэхэм я къуанщIагъэжщ. Дзтхэнэ сабийми и зэфIэкIыр, бгъэдэль зэчийр наIуэ къэщIыпхъэщ, итlанэщ и ныкъусанныгъэхэм ущеплжьынур.

Апхуэдэ гупсысэхэр и Iыгъуэ щIэблэм ядолажьэ Шыбзыхьуэр. Абы къыддалажьэхэм зэрыжьаIэмкIэ, Марьянэ щIыкIыхэр къыддельэхьэ и макъ гуэлэмкIэ, хьэл-щэн щдбэмкIэ. Пэжу, сабийм ирегъэжьагъуэмрэ я зэхуаку уиабагъэ дэмыльмэ, ахэр ныкъжьагъу зэхуэмыхьуэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэхуэм къиклин щIэкъым, сыту жыпIэмэ еджакIуэ щIыкIыр дзэымыхьэхыф егъэджакIуэм лъэкIынукъым абы щIэныгъэ нэс иритын, ныбжьыщIэм бгъэдэль зэфIэкIкIэм адджкIи зригъэужьын. Зи Iэщlагъэмкlэ Iэзагъэшхуэ зыбгъэдэлъ Шыбзыхьуэм хуIоклI иригъаджэхэм я гумрэ я псэмрэ дыхьэн, ахэр и предметхэм дригъэхьэхьн.

- ЕгъэджакIуэфIыр хуабагъэ къызэрыбгъэдзкI дыгъэ, гурыщIэ къабзэр щыбгъэуэн щIыгулъ яхуэхъун хуейщ и гъэсэнхэм, сабиипсэр дахагъэм хуигъэущу. Апхуэдэхэм щIэныгъэм и жьлэр щыхасэ ныбжьыщIэхэм я акъылым, абы и нэхур лъагъэIэс цIыкIухэм я гумрэ я псэмрэ. А псалъэхэр зи хьэл-щэным, Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ зехьэкIэмрэ хуэпхь хъуну егъэджакIуэ Iэзэщ Шыбзыхьуэ Марьянэ, - жеIэ еджакIэм и унафэщI, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ Iэкlуэльакlуэ Нэхущ Аллэ. - ФIы куэд схужьIэнущ Марьянэ щхьэкIэ. Ар ящыщщ зи къалэнхэр хьэлэлу, къызызыхуэтыншэу зыгъэзащIэхэм, къызэлажьэхэми, ныбжьыщIэхми, абыхэм я адэ-анэхэми пщIэрэ нэмысрэ зыхуащIхэм. Апхуэдэ фIыгъуэхэр Шыбзыхьуэм кьелэжь ешэм бгъэдэлъ гъэсэныгъэ, цIыху хэтыкIэ екIуамкIэ, лэжьыгъэм хуиIэ жэуапIныгъэмрэ хэлъ жьыдзэрагъашIэ.

Iэхуэщlапlэм и унафэщIым зи гугъу ищI Iуэху зехьэкIэ дахэм, цIыху хэтыкIэ екIуэмрэ щIэнхэмрэ Шыбзыхьуэр хуашащ екъулIэныгъэ куэдым. Къэтщтэнщи, нэгъабэ Марьянэ жыджэру хэтащ адыгэбзэр езыгъэджэжм я республикэпсо зэпеуэм. Абы кIыриубыдау ита дерс зэIухэхэм наIуэ къыщыхьуащ егъэджакIуэм лэжьыгъэм къыщигъэсэбэн методикэмрэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмрэ. Бахьсэн щIыналъэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэм я нэхъыфIу къалъытащ Шыбзыхьуэр. Абы къыхуагъэфащащ «АнэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI-2023»-щIэ лъагэр, егъэджакIуэмкIэ щIыналъэ Iэнатlэм къыбгъэджкI щIыхь тхыльымрэ саугъэт лъапIэхэмрэ. Республикэпсо зэпеуэм ирагъэблагъа егъэджакIуэхэми Марьянэ къахэщащ бгъэдэль Iэзагъэмкlэ, зэфIэкIымкIэ, дерсхэр зэриухуэ Iэмалыкфхэмкlэ. Ар хальтащ Бгъэбэрдей-Балъкъэрым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм нэхъыфIу щIыхь тхыльхэр, саугъэтхэр.

Зыпэрыт Iэнатlэкlи, и унагъуэкIи, дуней тетыкIэкIи щапхъэ зытрах бзыльхъугъэ гуакIуэщ Марьянэ. ЕгъэджакIуэ Iэзэм и щIыбагъэ унагъуэ дахэ къыдэтщ. Абырэ и щхьэгъусэ Аслънэрэ (ар хабзэхъумэ Iэнатlэм и лэжьакIуэщ) бынищ зэдгъэтащ, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу, щIэныгъэ ирагъэгъуэт.

Жылагъуэм пщIэрэ нэмысрэ щызиIэ а цIыху гуащIафIэм къыхуэзрэзыщ зыщIалажьэ Iуэхущlапlэм и унафэщIхэри, къызыхэкIа, зыхихьа лъэпкъхэм я нэхъыжьхэри. Дэри ди гуапэу дохъуэхъу егъэджакIуэ Iэкlуэльакlуэм, адыгэ бзыльхъугъэ екIум зыпэрыт Iэнатlэм екIуэпIэнагъэ щIэхэр щызэIэригъэхьэну, гъащIэм мурадрэ хъуэпсапIэу щIэпэ ноахуанIэ хъуну.

ЖЫЛАСЭ Маритъ.

Дыщэ пхъуантэ

● Щэнхабзэ

***Усабий щIыкIэ къэлщIар мыльку лъапIэу упсэуху уиIэнэщ. Уеблэмэ и чэзум сабийм иумыIыгъщIар иужькIэ къэщтэжьигъуей мэхъу, къэзымыщтэжьихэх къащыхэкIи мащIэкъым. Аращ жиIэр сабий гъэсэным, егъэджэным пыщIа дэтхэнэ зыми. Адэ-анэхэм а Iуэхум теухуауэ хуэфащу сэбэн яхуохъу «Нур» сабий журналыр. Къалэн нэхъыщхьэу абы зыхуигъэувыжыр сабийм и къухъым зегъэужьыныщ. Иужьрей илъэсхэм «Нур» журналыр къызэрыщIэрэщIэжам гу лъатащ къызыIэрыхьэхэми. Псоми зихъуэжащ: и теплъэми и купщIэми.**

Нобэ ди псэлъэгъуэ «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Аброкъуэ Беллэ.

- Беллэ, журналым и къыдэкIыгъуэ къэс цIыху дапщэ фелэжьрэ?

- Журналым къытхуэтхэр, абы елэжьхэр апхуэдизкIэ мащIэщи, лэжьыгъэу къытеддзэм я нэхъыбэр редакцэм щылажьэ цIыхуищ - плIым ди пщэ къыдохуэж. АдыгэбзэкIэ тхэфу диIэм ящыщу сабийхэм яхуэтэжьну гупыж зыщIыр, дэ цIыкIухэм щхьэкIэ къэтIэт Iуэхуэр зыфIэзгъэщIагъуэну анэдэлъхубзэкIэ яхуэссыдзэкIыфыр куэд хъууэ щытамэ дехьулIат! Ауэ зырызыхэщ къыддэлэжьэну щыIэр. Пэжыгъэр къызэрыздгъэпэщыр мыгъуэздэщ: къыддэкIи гъуэ къэс къытеддзэну темэхэр сэ къыхьэзох, цIыхуищым доубзыхуэр зэхуэхьэсыным яужь дохьэ. Ар хуабжьу куууэ, гугъуу къыщIщIэкI щыIэщ.

Къэхутэныгъэшхуэхэр едгъэкIуэкIын хуэйуэ къытпылъкуокI адыгэ дунейм пкърыхъуэпскIыкIа Iуэхугъуэ гуэрхэм дащыльэIэскIэ, абыхэм траухуа тхыгъэхэр мащIэщи. Ди лъэпкъыжьым и тхыдэм нэхъ жыжьэу дыхьэхьжьыкIи ар къызэрытIуатэ бзэри нэхъ гугъуу къыщIокIри, нобэрей сабийхэм къагурыкIуэнкIэ дошынэ. А цIыкIухэр кIуэ пэтми анэдэлъхубзэм нэхъ пэIэщIэ зэрыхъур гущIыхьэщ. Мы дуней зысыужьжьам дыдэхьуну дыхуейуэ анэдэлъхубзэкIэ археологием, математикэм, щIыуэпсым дытепсэлъыхьыну яужь дыщцыхьэкIи, лъэпощхьэпо тхуоху ди бзэр езыгъэщIэкъуаду терминологиер зэрыкIэмыщIыысам.

ПсалъэщIэ куэд дз щыхэдгъэхь къохъу бзэм, я урысыбзэ псалъэр щыгъуу. Абыи зыгуэр елэжьын хуейщ. Е ар зи Iуэху щIэныгъэлIхэм щхьэпэ яхуэхъунщ, е ёзы бзэм къыпхъуэтэнщ «фIэгурыхь» фIэщыгъэщIэхэр. Псалъалъэхэр куэду журналым къыщытеддзэм ари и щхьэусыгъуэщ. Къытхуэнар дохьумэ, щIэм гъуэгу идот, урысыбзэкIэ тхэкар, а бзэмкIэ щыIэ лэжьыгъэхэр къыхэлъ хуей хьумэ, цIыхуитIым зыдодзэкI, зыдогъэзауэ, ар сабийхэм зэрагъэдзэтлъхьэну щIыкIэм сурэтыщIыр тщIыгъуу догупсыс. Абы и лэжьыгъэ хъзэырхэр къытIэрыхьа иужь компьютеркIэ я псор зэхуэзыгъэкIуэжыр къытхуэхь.

Иджы «Нур» журналым зихъуэжьынущ. Абы и сурэтыщIу лэжьа Хьэлилэ Миланэ IукIыжащ, Вэрокъуэхэ Иннэрэ Иналрэ, зэдэлъхуэзэшIыпхъэм, дяпэкIэ тхуагъэщIэрэщIэнущ журналыр. IТ-технологие лъэхъэнэм халъхуа сабийхэм яфIэгъэщIэн щIыкIэр, жаIэу. Аккизовэ Имарэ гуащэ цIыкIуэхэр зэрищIыр «Нур» къытеддза иужь, 14-нэ гимназием екIуалIэ сабийхэм езыгъэм гуащэ ящIри, ахэр ягъэлъэгъужьауэ щытащ. Дэ ар «Нурым» къытеддзат.

2023 гъэм и щэкIуэгъуэ къыдэкIыгъуэр плъыфэхэм зэхэгъэпсат. Светофорым теухуауэ Щэрlуэкъ Аслъэн тхуитхри усэ цIыкIу къытеддзащ. Аслъэн иужькIэ къысхуитхат: «Сымаджэщым сыщIэлъту, журналым уи усэр къытехуащ щыжаIам, зыхэсщIэу нэхъыфI сыкъэхъуат». АдэкIэ докIуэри... Мысашэ Мурат комиксэхэр тхуещI. Гу лъыттат сабийхэм комиксэхэр хуабжьу ягу ирихьуи, гулъытэнщ тщIакъым а унэтIыныгъэри. Тубай Мухьэмэди и гугъу сщIынут. Тубайхэ пхъащIэ Iэщlагъэр къадокIуэкI. Сабийхэм яфIэгъэщIэгъуэн Iэджи пхъэм кхъэIущыкI абы. Адыгэбзэр зэрыщIагъыбзэр сабийм къедгъэщIэн папщIэ щакIуэбзэр зы рубрикэ цIыкIуу дгъэзыкIуащ, Мэрзей Аслъэн игъэхъэзыру. Сурэтыщ Црым Руслан къыддолажьэ. Интернетым напэкIуэщI щыдIэщIи, абыкIэ куэдым зыхэлъпащIэ.

- Иджы, псалъэм папщIэ, сэ къыздэкIыгъуэ псори къысIэрыхьакъым, сиIэ-къым, ауэ сиIарэт жызоIэ. Дэнэ къысхыжьну, дауэ зыIэрызгъэхьа хъуну къыздэкIаущ щыIэхэр?

- Абы и Iуэхур гугъу хъуащ. Пощтымрэ дзрэ псалъэмакъ щыдиIэ кхъохъу. Iэ традзауэ журнал зыхуамыхьэхэр ди дежь къотхъэсыхэ. «Илъэ мазищым Iэ теддзат, ауэ зыри къытIэрыхьакъым, дауэ тщIымэ, дауэ хъуну, мыпхуэдэу щхьэ щыт? Къуажэ жьыжьэм дыниикIуэ дынэкIуэфырыкъым, дауэ Iэ теддзэну?», - жаIэ. Апхуэдэ гукъеуэр куэдщ. Пощтэхьэ зимыIэхэр щыIэщ, уеблэмэ! Абы дэ нобэкIэ зыри тхуещIэрэкъым.

СызэрыщыгъуаззэмкIэ, журналым къыщIоупщIэ Москвэ, Тыркум, Германием щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэр. Абыхэм дауэ яIэрыбгъэхьэрэ къыздэкIыгъуэхэр?

- Нэхъапэхэм журнал 600-м щIигъу Тыркум щыпсэу адыгэ сабийхэм хутрадзэу щытащ. Темыркъан Зауэ Германием щыпсэуэу, адыгэ Iуэху зэрихуэу, щIалэ хъарзынэщ. Абы Германием щыIэ адыгэ сабийхэм журналым Iэ яхутридзэрт. Аущ таможнэм и Iуэхур гугъу хъури, журнал куэд иришу кхъуахмыдзу, цифровой формэтыр ептуэ, езыхэм я тхэльпэ тедзапIэм къыщыдгъэкIыжу щытащ. Мэзкуу дэс адыгэхэм ильэс бжьгъэкIэ журналым Iэ традзащ. НобэкIэ редакцэм Iэ щытезыдзэу ди журналхэр хэзыгъэщIыр КъШР-мрэ Санкт-Петербургрэщ. ГугъапIэфIэр диIэщ, Тхьэм къытхуэпищащ, дызэхуэлэжьэн щIэблэ куэду къыдит!

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

«Нанэ и бзэ, дадэ и бзэ» тхьилъыр зи IэдакъэщIэкI

● Гъуэзджэ

Шыпш-Бэчбо Залинэ унэгуащэщ, анэщ, усакIуэщ. Зыхуеджа экономист Iэщlагъэм пIалъэкIэ ирилэжьа ми, иужьым ар къигъэнэжащ. 2022 гъэм Къаночкъуэ Арсен къызэрыгъэпэща «StartUp» зэпеуэм щытекIуэри, адыгэбзэкIэ сабийхэм папщIэ щхьэкIэпIалъхьIэу гъэщIэрэщIагъэ уеблэмэ ящыщ зыкIуахэм ягу ирихьауэ упщIэ зыбжанэ еттащ.

- Залинэ, усэ тхьиныр сытым къыхэпха?

- Сабиигъуэм къызидисащ усэ тхьиныр. СызэрыщIыкIыр сфIэфIщ седжэнуи сытхэнуи. Пэжщ, сэ экономисту седжащ. Ауэ си Iэщlагъэ сольытэ си лъым хэту сыкъалъхуар - усэныр! Абы зыми сихуригъэджакъым, сыкъигъэсакъым, атIэ Iэмал зимыIэу сIурылъщ, збгъэдэлъщ. Дунейр усэу зэхьэох, усэкIэ сопсалъэ!

- 2021 гъэм «Илъэсым и цIыху» зэпеуэм и лауреат ухъуауэ щытащ.

- Усэхэм сыкъеджэурэ социальнэ роликхэр тесхри, интернетым и фIыгъэкIэ цIыкуэм езгъэлъэгъуащ. Куэдым ягу ирихьащ. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэ куэдми сыкъащIыхуащ си роликхэмкIэ.

- КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Къаночкъуэ Арсен и «StartUp» зэпеуэм щытекIуэахэм ящыщ ухъуащ...

- Усэ зэпеуэм зэрымыщIэкIэ сыхьыхат. Сыту жыпIэмэ, ар нэхъыбэу хьэрычэт Iуэхуущ: зытеуухуар. Си проектыр зытеуухуар тхьилъ къыдагъэкIынырт. Куэд щIауэ си гум илът, сехъуапсэрт тхьилъ щхьэхуэ сиIэныи. «Псэу си адыгэбзэ» зыфIэсща лэжьыгъэр щхьэпэ хъуну къыщащIытащ зэпеуэм.

- А текIуэныгъэм кърикIуащ «Нанэ и бзэ, дадэ и бзэ» сабий усэ тхьилъыр. Абы и гугъу къытхуэщIыт.

- Тхьилъым сабийхэм папщIэ сыусэхэр щызэхуэхьсащ, щIэщыгъуэщ, щхьэжькIэпIыкIэщ. Ар гъэдэхэным елэжьащ Адыгейм щыIэ, сурэтыщI Богус Заремэ. «Нанэ и бзэ, дадэ и бзэ» тхьилъым пшыхь щыхуэзтщIащ Сэралъп Мадинэ и арт унэм. Тхьилъым къацIыхуа нэужь радиом срагъэблагъэри сытрагъэпсэлъыхьащ. Усэхэм ящыщ зы мультфильм гъэщIэгъуэну игъэпсащ аниматор Елей Нурдин. Иджыблагъэ Нурдин аргуэру лэжьыгъэ дахэкIэ сигъэгуфIащ. Си тхьилъым ит сурэтхэм тещIыкIауэ яцIэлэжь тхьилъ щIыкIу итхъэхъэзыщ. Ар адыгэ сабийхэм я дежкIэ сэбэнщ. Адыгейм щыщ бзылъхугъэ ЖьэкIэмыхъу Софие си тхьилъыр кIэмыргуей диалекткIэ зэридзэкIащ. Ари къыддэкIыну дыпоплъэ.

Мурад куэд сиIэщ иджыри. Тхьилъэр, усэхэр, узрэдзхэр стхыну сыхуейщ.

- Залинэ, уэ езыр удыгъэ анэщ. Сабийм бзэр ищIэн папщIэ сыт хуэдэ Iэмалхэр нэхъ къащтэр?

- Сабийхэм бзэр яIэщlамыхун папщIэ нэхъ Iэмал щхьэпэ дыдэу къызэрыпэ анэхэр бынхэм анэдэлъхубзэкIэ епсэлъэнщ. А тIум я зэхуакIэ дэлъ зэпыщlэныгъэр икъукIэ быдэщ. Нэхъыбэу сабийр зыщIыгъэр, зэхихьэр, зэпсалъэр анэрщ.

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Дуней псор ехьэху

... Адыгэ пщащэр щыкIафIэщ, и щхьэм и уасэ зыщIэж щыхущ. ДахагъэкIэ абыхэм япеуэфын зэрыщымыIэр куэд щIауэ псоми ящIэ: щIыху гъащIэгъуэфIэхэщ, Iэпкъльэпкъ зэкIужжэщ, уардзэу, Iэдэбу зокIуэкI. Адыгэ щIыхубзхэм я зэхэщIыкIымрэ я зэфIэкIымрэ льагъщ...

Бларамберг Иван,
1827 гъэм къыщыщIэдзауэ урыс пащтыхьыдзэм къулыкъу щыхьыщIа генерал-лейтенант.

Хэгъэгуу дэ дыздэщыIахэм, къеттхэкIа Iэпкъльэхэм зыри яхэткъым адыгэхэм хуэдизу зи щIыфэ хужьрэ зи бзылъхугъэхэр дахэрэ. Зы лъэпкъи иIэкъым апхуэдэ уардагъэ, Iэпкъльэпкъ дахэ. Адыгэ бзылъхугъэхэр цIэрыIуэщ я хьэл-щэн дахэмкIэ, щабагъ гуапэмкIэ.

Али аль-Масуди Абдул-Хьэзэн,
хьэрал географ-къэхутакIуэ.

Зы плъыфэу, ауэ макъамэбзу

Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дизайнымкIэ и колледжым «Щэнхабзэ щIэинхэр къэгъащIэрэщIэжьын» зэнтIныныгъэмкIэ Iэщlагъэрэ щIэныгъэрэ зэзыгъэгъуэт Ety Илонэ «Кавказым игу» фIэщыгъэр зрита, графикэ лэжьыгъэхэр лъабжьэ зыхуищIа и гъэлъэгъуэныгъэ дахэр щекIуэкIащ.

ЕТу Илонэ зэрыжиIэмкIэ, графикэм куэд щIауэ дехьэх. АбыкIэ бгъэдэлъ зэфIэкIэхэр сурэт щIыныныкIэ пэублэ щIэныгъэр щызрригъэгъуэта еджапIэм нахуэ къыщыхъуат, и ущиякIуэхэм щытрагъэгушхуэми, Iэщlыбэ ищIыжакъым, иIэ есэныгъэхэм колледжым щыхихьхъуэу хуежьащ.

- Си лэжьыгъэхэм япэ гу лыэзытар Штиглиц Александр и цIэр зэрихьу Бытырбыху къалэм дэт, сурэт щIынымрэ промышленностымкIэ академием и егъэджакIуэ Ерёмин Дмитрийщ. Абы Академием сурэт щIынымрэ щIэнхабзэ щIэинхэр къэгъэзэрэщIэжьынымкIэ и кафедрэм 2023 гъэм къызэригъэпэщауэ щыта «Си Хэку цIыкIу» пхъуэщIэм сригъэблагъуэуэ щытащ. Сыщалтхуэ лъахэм пэсщI щыIэкIым, сыхуейт абы и дахагъыр си зэфIэкIэмкIэ къэзгъэльэгъуэныи, мопхуэдэ Iэмал къыщыхсхуэкIым, зыIыщIэзэкIакъым. Си лэжьыгъэхэм сэ къыщызгъэльэгъуэр си адэжь хэкум и дахагъым и закъуэкъым, атIэ сыхущIэкъуащ абы хузиIэ гурыщIэхэр зэрыгъэнапкъэнщхэр къыхэзгъэщыну. Iэхуу тынш щыIэкъым, ауэ пльыфэр дзэпыкIуэгъу Iэмалу фIэкIа къыщыхэмыщ графикэм гурыщIэ псори зы пльыфэкIэ къыриплуэтэныр гугъущ. Iэщlагъэм ирилажьэм дяк нэхъыщхьэу щытри а зы пльыфэмкIэ сурэтыщIым и гуэхъэщIэр щыхуэ дзэкIэ зыхуэнащIыр. Схуэзэфэкl къэзгъэнатэжьым - си къуэпсапIэт си Iэдакъэщlэкlэр щыху нэхъыбэм ялагъуну, я Iуэху еплъыкIэхэр зэхэсхыну, къаэзрыщIхуамрэ я гум кърана гупсысэхэмрэ сыщIдэдэIуну. Иджы, зэрыфIльагъущи, си гъэпсыкIэ зэрыщIэр утыкум хьэзыр гъэкIсхьащ. Сыт хуэдиз дапэ мы Iуэхугъуэр зэгъэпэщыным сфIихьами, зэрыжаIэу, гури псэри хэслъхьащ, нэхъ зэпэщ зэрыхъуным сыхущIэкъуащ. Сурэтхэм яхэтщ тхьэмахуэ фIэкIа зытемыкIуэдаи, мазэ бжьагъэ зыхьаи. Ауэ дэтхэнэ зы къэзгъэщIыгъэми щхьэхуэу сыбгъэдыхьащ, адрейхэм къаэзрыщхьэщыкIын гупсысэрэ пшыналъэрэ щIэзгъэзыбэну иужь ситащ. Абыхэм яхэтщ къэрэндащкIэ тхэзэрэ, шакъэкIэ щIахэри - ахэр зэлъытар къэзгъэльэгъуэну сызыхуейм и къэуэныкIыр: ар е нэхущ, е кIагъэпшагъэщ, е кIыфIщ. КъызэхъулIамэ, си насыпщ, а псом уасэ хуэзэщIынур щIыхуращ, - жиIащ Ету Илонэ.

Адыгэ пщащэм ича япэ лъабгъэхуэзэр хуагъэдзэну икIи даIыгъыну гъэльэгъуэныгъэм къырихьэIащ КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым и унафэщI Къанло Алим, УФ-м СурэтыщIэм я зэгухэпIэныгъэм и хасацIхьэм щыщ Сурхайханов Ибрэхьим, Илонэ зыхэс гупым я унафэщI Шонтыкъу Артур, егъэджакIуэхэр, и ныбжьыгъуэр, и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Гъэльэгъуэныгъэр къыщыдзэIуихым, Къанло Алим къызэхэсахэм фIыщIэхэуэ яхуищIащ, Iуэхугъуэ дахэр къызэзыгъэпэща Илони псалъэ дахэкIэ зыхуигъэзащ.

- Дэ махуэ къэс мыпхуэдэ IуэхукIэ дызэхьыхьэну къытхуихуэркъым. Утыку уихьэн щхьэкIэ, абы пхьыну гупсысэр, лэжьыгъэр, пэхуэщIэр лъэныкъуэ куэдкIэ зэпэщчачуэ, ахэр зыльагъуну цIыхухэм я къуэныкIыр щыIэ. Ар зыльагъуну щIыкIу

И гуащІэдэкІым къыпащэ

Дзэлыкъуэ районым хьхьэ Шордакъ къуажэм дзэ курыт школым урысыбзэмрэ литературэмкІэ щезыгъаджэ Къардэн Анжелэ Іэхьед и пхъур къыщысцІыхуэр Интернетым и «Ватсап» Іэмалым ипкъ иту къызэрагъэпэща гупым сыхаша нужьыкІэщ.

И макъ зэрызэхэсхуу къызгурыІуащ Интернетым и губгъуэм цІыху гущабэ-Іущабэ сызэрыщихьэлІар. Ящэщыкіэ зыкъомрэ къысхуэщІакъым а бзылъхугъэм апхуэдизу макъ ешэха узыІэпызышэ щІиІэр. Иужьым, зи гугъу сщІа гупыр дызэхэзыша, Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъу, а къэралым отставкэм щыІэ и генерал Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд Дунейпсо Адыгэ Хасэм зимычэзу и зэІущІэм къарагъэблагъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкІуам, «Ди бзэ, ди псэ!» зыріІища гупым хэтхэм ар щхьэусыгъуэ тхуэхъури, мурад тщІащ, езы хьэщІэ лъапІэри къыгхэту, Налшык къалэ дэт «Акрополь» шхапІэ-хьэщІэщым дыщыдзэхуэсыну. Абдежыращ Къардэн Анжелэ ящэ дыдэу сыщыкІущІар. Зэуэ гу лъыстащ, телефоным къиІукІа и макъ узыущИм къызэрыкІэрыху щымІэу, ар и теплъэкІи и зыныгъэкІэкІи ипкІ-иль жьыхуаІэр зыхэмыль, и мыІуэху зезымыхуэ цІыху зэпІэзэрыту зэрыщыгъым. Иужьким, телефоным и иджырей Іэмалхэр къэдгъэсэбэпуэ, адыгэбзэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэмкіи дызэчэнджэщащ.

Бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэм ирадгъэхьэлІэри, Къардэн Анжелэ и гъащІэм теухуауи ильэс куэд щІауэ зыпІэрыт и Іэнатіэм хуэгъэзауэ упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- **Анжелэ, уи мылэжьэгъуэу телефонкІэ сыщыпонсальэхэм дежи, цІыкІуэхэм я зэрызехьэрэ я жьгъыру макърэщ зэхэтхыр, «къепщІэкІэр сабий защІи!» жьыдигъэІэу. «Ахэр зейр хэт, зыщыщри дэнэ?» жьыслэри сыноупщІати, къыхэптыжа жэуапри гъэщІэгъуэнщ: «Дапщэщи апхуэдэщ! Ди деж щІэкІыхэрэкъым ахэр!» Абы къыхэкІыуи сыноупщІынут: «ЦІыкІуэхэм екІуу, дахэу уадекІуэкІын папщІэ апхуэдизэ шыІэныгъэрэ гуапагъэрэ къызидпихьэ дэнэ, школ лэжьыгъэм уэзрыкуэдрэ я гугъу къыскуищІу зэрыщытарщ. Я дуней тетыкІэри щапхъэ зытрахьи хуэдэут къызэрилытэр. Сонэ Аблулчэрим и тхыгъэхэм зэгъусэу деджэр. Ди адэр цІыку зэчиифІэт, пьесэхэмрэ усэхэмрэ итхырт, тхыдэм, философием, литературэм фІыуэ хищІыкІырт. Аращ си гъащІэм гъэсакІэу нэхъыщхьэу щызиІари, гуазджэр фІыуэ сэзыгъэлъэгъуари. Ди адэр армэм радиомеханик ІэщІагъэр иІэу кІыкІыжати, адэшхуэ-анэшхуэм закъыртимыгъэхьэлъэн хьисэпкІэ, мурад ещІ и унагъуэр и кІаркІэ иплІыжыну. Езыри, зэчиифІэу зэрыщытым и мызакъуэу, «и Іэм дыщэ къыпощІ» жьыхуаІэм хуэдэти, Іэджэмэ хэзагъэрт. А зэманым радио кІапсэхэр дэнэкІи зэбграшырти, ди адэр а Іуэхум зэрыхуэІэзэм къыхэкІыу, абыкІэ унафэ зыщІхэм ар Ставропольем ягъэкІуащ. Дыщыпсэуар Георгиевскэ районым хьыхь Ново-Ульяновскэ къуажэ цІыкІыгут.

- **Укъыщыхъуар ара, Анжелэ?**

- Сыкъыщалъхуар аращ. Гъэсэныгъэ тэмэм згъэуэтынымкІэ, литературэм, Іуэрыуатэм гу хуэсщІынымкІэ, цІыху хэтхэ гъэпса сиІэнымкІэ, псом хуэмыдэжу, сэбэп нэхъ къыскуэхъуауэ къэслъытэр ди адэращ. КъызжиІэм и нэхъыбэр адыгэ гъащІэрат къызыхихыр. Ди анэри хуабжу гузавэрт, «сабийхэр урыс тфІэхъунущ, дэкІуэнущ, къашэнущ» жиІэу. Арати, ерэнэ классыр къыщІэзыхьи, Ставропольем дыкъэрашыжри, лъэпкъым дыкъыхахэжащ. 1990 гъэм Къардэнхэ я унагъуэ сихьащ. Лъэпкъ дахэщ, лъабжьэшхуэ зиІэщ, лэжьакІуэшхуэхэщ. Мыбдежми сыщыдзэхащІыкІащ, си гурыгъу-гурыщІэхэр къыдаІыгъащ. Си тхьэмадэр, Къардэн Сэфарбий, къуажэм пщІэ нэхъ зыхуэащІу дзэсахэм ящыщщ. Хуабжу хьэл-щэн дахэ зыхэлът, тхэнеджэным хуэІэзэт, литературэр сэщхьу фІыуэ зыльагъут, псалъэ лей кІыхимыгъэкІыу, жиІэну зыхуейр къасщІэрт, нэхъапэІуэхэм тІэкІу нэхъ гугъу дызэдэхьами. СхужьІэнущ, абырэ си гуащэ Къэрэжанрэ (Даурхэ япхъущ) я гъащІэ псор колхозым иратауэ.

- **ЩІэныгъэ ищхьэ щыІэзэбгъэгъуэтар дэнэ?**

- Урысыбзэр фІыуэ сщІэрти, Къэбэрдей-Балъкъэр университетым тыншу сыщІэтІысхьащ. 1994 гъэм ар къэзухащ. Школ лэжьыгъэм 1999 гъэ лъандэрэ сыпэрыгъащ.

- **Уи дыщымкІэ хэтхэ уащыщ, Анжелэ?**

- Плохэ сакъыхэкІащ. А лІакъэр Сочэ лъэныкъуэмкІэ къикІауэщ зэрыжаІэр. Си адэшхуэм и адэ-анэр Мажидрэ Хьэнифэрэщ. Я сурэти сиІэщ. Берд си адэшхуэщ. Ари лэжьакІуэжьы щытащ. Хэку зауэшхуэм лІыгъэ щызезыхьахэм, уеблэмэ Берлин нэсахэм ящыщщ. И щхьэ къупщхьэм лагъым кІутахуэ зэрыхэлъу, къуажэм и мэкъумэш Іэнатіэр зэфІэзыгъэувэжахэм яхэтащ. Сонэ Абдулчэримри ди унэщІэм и гугъу ищІырейт, и кхъэхькІэр, щысыцІэ фІхьхьэлэмэту. Ди лІакъэцІэр зыфІэлъетыльджэщ щытахэм ящыщщ бзэщІэныгъэлІ цІэрыІуэ КІуэкІуэ Жэмалдини. Университетым ар къыщІэзихьэлІати, си унэщІэр щІэзхиихьм хуабжу игъэщІагъуауэ щытащ. АрщхьэкІэ къикІыр хуэзэсымгъэкІыу, зыкъомрэ лІыхъуэ пэтми, кІыхуэгъуэтатэкъым.

- **ЗэрызэхэтхамкІэ, уи гуащІэдэкІым екъэлІауэ тыгъэ куэд дыдэ уиІэщ. Абыхэм я гугъу къытхуэпщІын?**

- Езгъэджахэм ЕГЭ-хэр тыншу ят, ІэщІагъи зрагъэгъуэт, адыгэ унагъуэ дахэхэр яуэхуэри, согуфІэ. Уэрамым срикІуэу сыкъалъагъумэ, зблэмыкІыу къоувІэ, фІэхъус гуапэ къызах, къысщІоупщІэ. Тыгъи дамыгъи си куэдщ. Ауэ абыхэм зыри къыбжьакІэсынукъым. Зыгуэр къыбжезыІэр уи лажьыгъэмрэ уи дуней тетыкІэмрэщ. Си гуащІэдэкІым къыпызыщэ сиІэщи, аращ сэркІэ нэхъапэр.

Плохэ япхъу, Къардэнхэ я нысэ Анжелэ, езыми зэрыжиІауэ, унагъуэ дахэ исщ. И щхьэгъусэ Мухьэдин инженерщ. Я бынитІым ейуэ, къузрылъхуи пхъурылъхуи къащІэхъуащи, псоми зэхэтыкІэ дахэ зэхуаІэщ. Дэри дахуохъуахъуэ унагъуэшхэр дапэкІи ефІэкІуэну!

Епсэлъар

КЪУМАХУЭ Асльэнщ.

НыбжьыщІэхэм я гъуэгугъэлъагъуэ

Іуэхуфіэр зи плъапІэ, зи зэфІэкІым зезыгъэужьыну, щІэ гуэр къызэрищІэным сытым дежи хущІэкъу, а и щІэныгъэр жылагъуэм жыдэжру хуэзыгъэлажьэ пщащэ Тау Стеллэ. Ар щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и экономикэ факультетым, иужькІэ и щІэныгъэм щІихиГъэхъуащ аспирантурэм. Едэжным фІыуэ ехьулІэ хьуджэбзым мызэ-мытІэ къыхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм, Нэгумэ Шорэ и цІэкІэ ягъэуува стипендиехэр. 2015 гъэм и диссертацэр Адыгей къэрал университетым ехьулІэныгъэкІэ щІихигъэкІри, экономикэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат хъуащ. Стеллэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щылажьэ Щ1алэгъуалэ советым хэтщ, аутсорсинг компаниием и бухгалтерщ.

ТАУР жылагъуэ гъащІэм жыджэру хэтщ, Іуэхугъуэ щхьэпэхэм ятеуэуа проект гъащІэгъуэнхэр егъэхьэзыр. Апхуэдизу КИФБЩІ-м и щІалэгъуалэ проектхэмкІэ урысейпсо зэпеуэм ар зыхэта гупым зыбжанэрэ текІуэныгъэр къащІахьащ. ИужькІэ Стеллэ къызэригъэпэщащ республикэм и школ-интернатхэм щеджэ ныбжьыщІэхэр финанс Іуэхуэхэм щыгъэгъуэзэным теухуауэ къыдэпсалъэжьэну гуп. А унэтІыныгъэмкІэ зэІущІэ гъэщІегъуэнхэр къызэрегъэпэщ, ныбжьыщІэхэр абы зэрыдихьэхым и щхьэтщ Стеллэ и проектхэм жыджэру къызэрыхьыхьэр. Республикэм и школ-интернатхэм нэмыщІ, иджы а Іуэхум къыхьыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитарэ техникэ колледжр.

- Мылъкум пыщІа Іуэхуэхм, экономикэ хабзэхэм ныбжьыщІэхэр пасэу щыгъэгъуэзэным мыхьэнэшхуэ иІэщ, абыхэм фІыуэ хэзыщІыкІыр гъащІэм куэдкІэ нэхъ тыншу хэпсэукІыфынут. Проектыр щхьэпэщ сабийхэм ахъшэм и мыхьэнэр нэсу къагурыІуэнымкІэ, ар зэгъэзэжауэ къагъэсэбэпу егъэсэнымкІэ, мылъку зэгъэкІуэкІым пыщІа хабзэхэм егупсысынымкІэ. Ахъшэм, мылъкум ди гъащІэм щаубыдэ увыпІэр, абы и зегъэкІуэным пыщІа Іуэхуэхэм си щхьэкІэ нэхъ кууэу зыщІидзащ. Іуэху щхьэпэм мылькуІэ и щІэгъэкъуэнщ ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ федеральнэ агентствэр. Іуэхур ипэкІэ гъэкІуэтэнымкІэ дэІэпыкъуэгъуэ къыхуэсыгъ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэр, ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министерствэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэр, абы и деж щылажьэ ЩІалэгъуалэ советыр, Къалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэ центрыр, «Гъунэгъум дэІэпыкъу» жылагъуэ зэгухьэныгъэр.

«Cybersecurity skills E&L» егъэджэныгъэ-узэщІакІуэ проектыр хуэунэтІащ школ-интернатхэмрэ сабий унэхэмрэ щыІэ цыкІухэр, джэгукІэ жыпхъэм иту, экономикэм теухуауэ яІэ хуитныгъэхэм хэгъэгъуэзэным.

- Нобэрей ди гъащІэр ахъшэншэу уи нэгу къыпхущІэгъэхьэнукъым, абы къыхэкІыуи ахъшэм и мыхьэнэр, абы и зэгъэкІуэкІым теухуа хабзэхэр щысабийм щегъэжьауэ ящІэн хуейщ, - жеІэ Стеллэ. - Тыкуэнхэм куэдрэ ущрохьэлІэ Іэфыкіэ зэмылІэужьыгъуэхэр къэзыщта сабийхэм ахъшэ жьгъейхэр ябжу, къащхэну зыхуейр а яІыгъым къахущІэкІын-къахущІэмыкІыныр зэрагъэзэхуэу. Язныкъуэ сабийхэм фІы дыдэу къохьулІэ а Іуэхур псынщІэу зэхуэгъэкІуэнэр, ауэ псоми я зэфІэкІкІэ зэхуэдэкъым. Адэ-анэхэр куэдрэ мэтхьэусыхэ я сабийхэм ират ахъшэр псынщІэу адыгэ гъэзэрыІэщІуэхэм папщІэ икІи ягъэхъуэнщэу жаІэ сомыр зэрамылъытэр. Мис абдежщ псори къыщыежьэр. Щэхъуэ цІыкІу дыдэм деж къыщыщІэдзауэ а Іуэхум гупыІтэ ІуэщІыпхъэщ, ар Іэпэдгъэлэл пщІымэ, сабийр къэхъунущ ахъшэм и пщІэр имыщІэу, абы и зэгъэзэхуэмкІэ хуэмыІэкІуэдакІуэу.

Таум иригъэкІуэкІ зэІущІэхэм хэтынущ цІыхьэм и хуитынигъэхэр фІыуэ ищІэным теуха псалъэмакъэхэр. Пщащэм къызэриплъэтмкІэ, хабзэр фІыуэ зыщІэм и щхьэр сытым дежи хуэхъуэмэжьынущ, абы зыри хэзымыщІыкІыр жэуапым щІрагышэлІэн Іуэху мыщхьэпэхэм хэхуэнкІэ шынагъуэ щыІэщ. Бжыгъэхэм къызэрагъэпъагъуэмкІэ, ялэжь щІэпхъаджаръэхэм я епщыкІуиянэр зыщІэр балигъыпІэ имыуваХэрщ е ахэр хэту къэхуэ Іуэхущ. Аращи, зи хуитныгъэхэр, хабзэр фІыуэ зыщІэу къэтэдж ныбжьыщІэхэр куэдкІэ нэхъ тыншу хэзэгъэнущ балигъ гъащІэм. Абы и лъэныкъуэкІи Стеллэ ирегъэкІуэкІ лэжьыгъэм и мыхьэнэр къыпхуэмыльытэнщ.

Иджыпсту Тау Стеллэ и гупым егъэджэныгъэ платформэр къызэрагъэпэщ, Абы хэтынущ вебинархэр, дерсхэр, щІэныгъэ иратар къыщапщытэж джэгукІэ технологиехэр зи лъабжьэ тренингхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Идаррэ Миланэрэ аргуэру дагъэгуфІэ

Болгариемрэ къалащхьэ Софие иджыблагъэ щекІуэкІащ Олимп джэгуэхэм хьыхь тхэкІэнэ лІыжьыгъуэм (ВТФ) и G-1 категориемкІэ Bulgarian Open дунейпсо зэхьэзэхуэр. Урысей Федерацэм и командэ къыхэкам хэту абы щызэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэу Багъ Идар, Яхненкэ Даниил, Бекъул Миланэ сымэ икІи икъукІэ дызыщыгуфІыкІа ехьулІэныгъэхэр зыІэрагъэхьащ.

ИДЖЫ екІуэкІа зэхьэзэхуэр мы гъэм Париж къалэм щызэхэтыну гъэмахуэ Олимп джэгуэхэмрэ Европей чемпионатымрэ къызэрыхах зэпеуэу зэрыщытар къэбгъальэгъуэмэ, гурыІуэгъуэ мэхъу абы мыхьэнэуэ иІэмрэ дуней псом щыцІэрыІуэ спортсменэу хэтар зэрыкуэдамрэ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхьущи, а псоми ефІэкІыу, и хьэрхуэрэгъуэм сыт и лъэныкъуэкІи къапимыкІуэту зэхьэзэхуэм щызэуащ адыгэ щІалэ Багъ Идар икІи и хьэльагъ елъытауэ зыкъыщигъэльэгъуэ килограмм 58-м къыщытекІуэн къахэкІакъым. Идар иригъэкІуэкІа зэІущІиллІри къыпэщІэтахэм къафихьащ, абы къыхэкІыуи, къэралым и командэм хэту Европей чемпионатым щызэуэнущ.

Апхуэдэ щІыхь игъэтащ адыгэ бзылъхугъэ Бекъул Милани. Килограмм 48-рэ зи хьэльагъэхэм я деж ди пщащэм ещанэ увыпІэр щиубыдащ, домбеякъ медалри къыхьащ.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, Багъ Идар ди республикэм щыяпэу Урысей Федерацэм тхэкІэндомкІэ тІэунейрэ и чемпион хъуащ, ари зэкІэлъхьэжьу. ЯпэщІыкІэ 2022 гъэм Налшык дыщэ медалыр къыщихьащ, къыкІэлъыкІуэ илъэсым Мейкъуапэ щыІэу УФ-м и чемпион етІуанэу хъуащ. Идар дунейпсо классымкІэ спортым и мастерщ.

Бекъул Милани и щІэр фІыкІэ зэрыІурэ зыкъом щІащ икІи иужьрей илъэсхэм къэралым и командэм хэту ехьулІэныгъэфхэр зыІэригъэхьащ. Хъуджжбзыр ди республикэм щыяпэу УФ-м и чемпион хъуащ, ари Мейкъуапэ щыІэу. Милани дунейпсо классымкІэ спортым и мастерщ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Болгарием щеІэкІэ зэхьэзэхуэм Яхненкэ Даниил къыщыхагъэщІащ икІи увыпІэ гуэри къыхуэхьакъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм дэлажьэр Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Электрокъару щрагъахъуэ станцхэм къахэхъуэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей иригъэкІуэкІа зэІущІэр теухауэ щытащ электромобилхэр электрокъарукІэ «зыуэзд» станцэр республикэм щыуэхэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм.

РЕСПУБЛИКЭМ промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министр Іэхьуэбэ Щамил зэІущІэм къыгъэблагъэ хьэрычэтыщІэхэм ахутепсэлъыхьащ апхуэдэ станцхэр къызэІуэхыхэм папщІэ щыІэ къэрал дэІепыкъуныгъэхэмрэ субсидиехэмрэ.

«Къэралым электрокъару щрагъахъуэ станцхэр зыуэхуэхэм субсидие ахъшэхэр щратыж и щІыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ. Иджыпсту доубзыху ахэр щыдгъэувыну щІыпІэхэр, туристхэр нэхъыбэу къыщыуыІуэ щІэмрэ автомобилхэр нэхъыбэу щызэблэкІ гъэзгуэхэмрэ ятещІыхьауэ», - къыхигъэщащ Іэхьуэбэч Щамил.

ЗэІущІэм апхуэдэуи къарагъэблагъат «Ростелеком», «Ставропольэнергосбыт» ПАО-хэм я лІыкІуэхэр икІи республикэм кърихьэжьа Іуэхугъуэм зи мылъку хэзыльхьэну мурад зыщІ къэрычэтыщІэхэм хуагъэльагъуащ зыхуэныкъуэ щымыІэу, станцыр лажьэу ирагъэжьэн фІэкІа къэмынэу, зэпэщу хуауэхэну.

Министр Іэхьуэбэч Щамил и дэІепыкъуэгъу Тэхъу Алим зэпкрыхьауэ тепсэлъыхьащ электрокъару щрагъахъуэ станцыр яухуэн щхьэкІэ щІапхъэхэм, гу зылъытапхъэхэм, ар шынагъуэншэу лажьэу ирагъэжьэн щхьэкІэ щыІэ технологие Іэмалхэм.

ЗэІущІэм и кІэм хьэрычэтыщІэхэм ирагъэлъэгъуащ республикэм электрокъару щрагъахъуэ станцхэр ухуэным ехьэлІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Промышленностымкіэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министерствэм зэрыдлэжьэну инвестицэ пэхуэщІэ зэгурыІуэныгъэр.

2024 гъэм апхуэдэ станцу 25-рэ лажьэу ирагъэжьэн мурад щыІэщ, къитащ министерствэм и пресс-Іуэхущапіэм.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Челябинск къалэми зыкъыщрагъэцІыху

Урысейм иджырей пятиборьемкІэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтІауэ тыкъэхпэм и 1-3-хэм Челябинск къалэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм ещанэ увыпІэр щиубыдащ. Апхуэдэ хъыбар иджыблагъэ къитащ республикэм Спортымкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэм.

ЗэПЕУЭМ хэта, илъэс 17 -18 зи ныбжь спортсменхэр спорт лІэужьыгъуэплІкІэ зэхьэзэхуащ - псы есныкмкІэ, фехтованиемкІэ, хьэщІэжьэныкмкІэ, нэщэнэ еуэныкмкІэ. Абыхэм къарикІуэхэр зэхалъхьэжа нэужь ди командэм хэт Воронин Артем, Къубей Сабирэ, Трещев Всеволод, Іэпщэ Темболэт сымэ зэхэту очко 3537-рэ кьахьащ икІи абы и фІыгъэкІэ ещанэ увыпІэм дэкІуеящ.

Зэхьэзэхуэм щытекІуащ Башкирием и командэр, абы къыкІэлъыкІуэ увыпІэр Краснодар краймэ и гъэсэнхэм яубыдащ.

ИпэІуэкІэ хъыбар зэрыщыІащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым двоеборьемкІэ и цІыхубз командэр Челябинск къалэм щызэхэта урысейпсо зэхьэзэхуэми ещанэ щыхьащ.

АЛЫДЖЫКІУЭ Руслан.

● УФСБ-м къет

Илъэси 6-кІэ ягъэтІысынкІэ мэхъу

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыу щыхьэпаудащ республикэм щыпсэу цІыхуищым хабзэм къемызэгъыу фадэхэкІхэр гъэхьэзырыным, зыІэригъэхьэным, хъумэным икІи игъэкІыным пыщІауэ зэрахьэ щІэпхъаджагъэр.

ФАДЭ щагъэхьэзыр цех гъэпщкІуа къагъуэтащ. ХабзэншагъэкІэ ирагъэкІыну зыхэта, федеральнэ маркэхэр зытемылъ, спиртхэкІ хьэзыр зэрыт куэд къыхтрахащ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 171.1-нэ статьям и 6-нэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ икІи ягъэкъуаншэхэр илъэси 6-м нэскІэ ягъэтІысынкІэ мэхъу.

И гъащІэ псор лъэхъуэщым

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм, наркотикхэкІхэр игъэкІыным пэщІэт Іуэхуэхэр ирагъэкІуэкІыу, къызэпаудащ илъэс 31-рэ зи ныбжь нарткъалэдэсым наркотикхэкІхэр игъэкІыным пыщІауэ илъэ щІэпхъаджагъэр.

ЯУБЫДАМ и псэупІэр къыщащым къытрахащ «героин» наркотикхэкІ граммэ 36,47-рэ, «метадон» граммэ 211,49 -рэ.

Шэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, 228.1-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм япкъ иткІэ. Хабзэм къызэрагъэувымкІэ, ар ягъэтІысынкІэ мэхъу и гъащІэ псор лъэхъуэщым щихьыну.

Редактор нэхъыщІхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкіэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; я́ужьажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.574
Заказыр №2442
12+

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕлЭжьАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.**

Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.